



Epatit A

Kisa yo rele epatit A?

Epatit A se yon enfeksyon yon moun vin genyen poutèt yon jèm (viris) lakòz fwa moun nan vin anfle. Li gen dwa yon maladi ki pa twò grav epi ki dire kèk semèn; menm jan an tou li gen dwa yon maladi ki grav epi ki dire plizyè mwa.

Kisa sentòm yo ye?

Gen kèk moun ki pa gen ankenn sentòm. Si moun nan gen sentòm, sentòm sa yo parèt 2 a 6 semèn apre moun nan kontre ak viris la. Men kisa sentòm yo gen dwa ye:

- Pati blanch je moun nan avèkpo li vin jòn
- Lafyè
- Moun nan pèdiapeti
- Lanoze
- Vomisman
- Fatig
- Pipikimawonfonse
- Doulèjwenti
- Doulèlestomak
- Matyèfekalki gen koulègri
- Sentòm pa twòsevèkisanblelagrip

Kijan epatit A pwopaje?

Dabitid yo jwenn viris epatit A nan matyè fekal moun ki enfekte, epi lòt moun gen dwa enfekte lè matyè fekal antre nan bouch yo. Sa gen dwa rive lè moun pa lave men yo apre y al nan twalèt, apre yo fin chanjekouchèt oswa dra ki gen matyè fekal sou yo, epi y al manyen bouch pa yo oswa prepare manje pou lòt moun. Kontrèman ak lòt viris epatit yo, transmisyon epatit A pa fèt avèk san.

Kiyès ki kapab pran epatit A?

Nenpòt moun ki pa iminize ak epatit A ka jwenn enfeksyon. Sèten gwoup moun gen yon risk ki pi wo pou devlope enfeksyon epatit A:

- Moun ki gen sanzabri
- Moun ki itilize divinò dwòg ilegal (lari) (piki ak ki pa piki)
- Moun ki ka manje nan kontak dirèk avèk yon moun ki enfekte
- Gason ki fè sèks ak gason
- Moun ki vwayaje nan peyi kote epatit A yo komen
- Moun ki manje fwi kri oswa kokoye
- Moun ki fèk prizon

Kijan yo dyagnostike li?

Fòk yo fè yon tès san pou yon moun ki gen epatit A. Tès san sa a ap fè diferans ant ansyen enfeksyon avèk enfeksyon moun nan gen nan moman an.

Kijan yo trete epatit A?

Pa gen tretman pou maladi an, men pran repo, bwè anpil likid epitou yon bon jan nitrisyon gen dwa ede moun fè miyò. Dabitid yon moun fè epatit A yon sèl fwa, men sa pa anpeche yo trape lòt viris epatit yo tankou epatit B oswa epatit C.

KONTINYE

Kijan pou yon moun evite pran epatit A?

- **Toujou sèvi avèk dlo ak savon pou lave menm w byen, pou omwen 20 segonn, apre w al nan twalèt, apre ou manyen bagay sal epi anvan ak apre ou prepare manje.**
- **Kwit tout fwidmè.**
Pa manje fwidmè ki kri oswa ki pa kwit ase. Lè ou kwit manje byen, sa touye viris epatit A a.
- **Pran vaksen epatit A si:**
 - Ou gen lentansyon vwayaje ou byen al travay nan yon peyi kote anpil moun gen epatit A (Meksik; tout peyi Amerik Santral ak Amerik Disid; tout peyi Lafrik, Karayib ak Lazi, esepite Japon; epi peyi nan sid ak lès Lewòp).
 - Ou rete nan yon kominote kote anpil moun gen epatit A (rezèvasyon amerendyen, vilaj moun Alaska natif natal, vilaj moun zile pasifik, avèk detwa kominote ispanik ak relijye).
 - Ou ap fè eksperyans sanzabri.
 - Ou gen yon maladi fwa pou lavi.
 - Ou gen yon derègleman san oswa san w fè boul.
 - Ou pran nenpòt ki dwòg nan lari a.
 - Ou se yon gason ki fè bagay ak lòt gason.
 - Ou se gen kontak dirèk ak yon moun ki enfekte.
 - Gen anpil timoun ki resevwa vaksen epatit A pami tout vaksen nòmal yo bay timoun.

Sa pou w' fè si ou te espoze a epatit A?

- Si ou pat jan pran vaksen epatit A epi ou vin espoze, ou gen dwa evite enfeksyon an si pou pran Iminoglobilin (IG) oswa vaksen epatit A. Rele doktè ou touswit si ou te espoze a epatit A.

Eske gen konsèy sante pou moun ki gen epatit A?

Li fasil pou enfekte lòt moun lè ou gen epatit A. Se pou sa lalwa egzije pou doktè nan Masachosèt repòte tout ka epatit A bay departman sante lokal la. Moun ki gen epatit A kontajye anpil de semèn anvan sentòm yo kòmanse manifeste, epi yon semèn apre sa. Pou pwoteje piblik la, moun ki nan zafè manje pa gen dwa travay pandan 28 jou apre yo espoze, amwenske yo resevwa tretman rapid pou yo pa trape maladi an. Yon moun ki nan zafè manje se nenpòt ki moun ki manyen manje oswa bweson, bay swen nan bouch, oswa bay medikaman.

